Nimewo 52.8

D E K R È E G Z E K I T I F

KI PWOLONJE DEKLARASYON YON KATASTWÒF NAN ETA NOUYÒK AKOZ MEZI FEDERAL KI GEN RAPÒ AK AKSÈ A VAKSEN

KONSIDERE KE, gouvènman federal la fèk pran yon seri mezi dènyèman ki sanble kontrè ak sante piblik, tankou anrapò ak administrasyon Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services), Ajans Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration), ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), ak fonksyon enpòtan antite sa yo nan pwoteksyon sante piblik, tankou anrapò ak administrasyon lwa federal konsènan vaksen yo;

KONSIDERE KE, kòm konsekans mezi sa yo gouvènman federal la te pran, famasi yo nan Eta Nouyòk ap enpoze restriksyon sou administrasyon vaksen kont COVID-19 la; sa ki mete an danje kapasite Eta a pou sipòte sante piblik ak sekirite atravè prevansyon;

KONSIDERE KE, pou asire ke Eta a kenbe kapasite li pou sipòte sante ak sekirite piblik, nan dat 5 septanm 2025, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif nimewo 52 ki deklare yon Ijans Dezas nan Eta Nouyòk ki soti nan mezi sa yo gouvènman federal la te pran; epi

KONSIDERE KE, mezi sa yo gouvènman federal la kontinye mete kapasite Eta a pou sipòte sante ak sekirite piblik la an danje;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, mwen Kathy Hochul, Gouvènè Eta Nouyòk la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta Nouyòk la ak Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen konstate ke gen yon bezwen kontinyèl pou yon lòd ijans pou katastwòf nan tout eta a epi mwen pwolonje eta dijans poutèt katastwòf la jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 52, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki ladan yo jiska 17 me 2026.

F È T anba siyati mwen ak So Prive nan Eta a nan Vil Albany nan 17yèm jou nan mwa avril nan ane de mil vennsis.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a